



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON KOLABORASYON POU DEVLOPE YON KORIDÒ DWÒN NAN NEW YORK SANTRAL

Koridò plizyè milyon dola a ap kreye yon kapasite tès dwòn san parèy

L ap fèt avèk soutyen CNY Rising – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Alyans pou Rechèch sou Entegrasyon Espas Ayeryen UAS nan Nòdès la (Northeast UAS Airspace Integration Research, NUAIR) ki gen soutyen eta a, chwazi kolaboratè pi enpòtan li yo nan devlopman koridò jesyon sikilasyon sistèm ayeryen san pilòt (unmanned aircraft system traffic management, UTM) New York la nan New York Santral. Koridò a, ki sòti depi nan New York Santral rive nan Mohawk Valley, se premye ki konsa, epi li se koridò pou tès dwòn ki pi avanse nan nasyon an. Gryphon Sensors, yon lidè mondyal nan deteksyon dwòn entelijan, ak Raytheon, yon lidè nan teknoloji ak inovasyon ki espesyalize nan solisyon pou defans, gouvènman sivil ak sekirite anliy, toulede resevwa sibvansyon pou reyalize koridò UTM nan. Pwojè a an jeneral pral gen ladan planifikasyon sistèm, desen, egzekisyon, miz an sèvis, ak soutyen operasyonèl yon enfrastrikti UTM dènye teknoloji pou rechèch, devlopman, tès ak evalyasyon.

“Chwa kolaboratè sa a se dènye pwogrè a nan mete New York Santral ak Mohawk Valley nan pozisyon lidè nan mache entènasyonal la pou teknoloji davangad sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gras a investisman nou an nan koridò dwòn sa a, n ap ranfòse epi devlope ekonomi rejyonal yo pou jenerasyon k ap vini yo.”

“Kòm Prezidan Konsèy sou Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, mwen wè avèk je pa mwen evolisyon travay nou an pou devlope endistri UAS ak UTM lan nan New York Santral, epi jodi a make yon lòt etap enpòtan pou estrateji Central NY Rising nou an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Anons jodi a se nouvèl ekselan pou kantite djòb wot teknoloji yo k ap ogmante nan rejyon an epi li demontre angajman kontinyèl nou nan fè Nò Eta New York la vanse epi monte pi wo.”

Pou fè endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt (Unmanned Aircraft Systems, UAS) k ap boujonnen an vanse nan New York Santral, Gouvènè Cuomo te anonse eta a ap fè yon investisman 30 milyon dola pou devlope yon sistèm jesyon sikilasyon ayeryen ki kouvri yon distans 80 kilomèt ant Syracuse ak Ayewopò Entènasyonal Griffiss la (Griffiss

International Airport) nan Rome nan mwa Novanm 2016. Nan koridò sa a, gen investisman estratejik ki pral akselere kwasans endistri an poutèt y ap soutni itilizasyon Sistèm Ayeryen San Pilòt ki fèk ap parèt yo nan endistri pi enpòtan yo, sa gen ladan jesyon agrikilti ak forè, transpò ak lojistik, devlopman laprès ak fim, sèvis piblik ak enfrastrikti, epi sekirite piblik.

Koridò a ap pèmèt konpayi yo teste ni platfòm UAS yo ni teknoloji UTM yo nan kad mond reyèl la, epi konsa jenere done ki pral enfòme endistri an ak otorite règlemantasyon yo epi fè itilizasyon komèsyal dwòn yo vanse. Efo plizyè milyon dola sa a ki fè pati Central New York Rising, Faz II nan koridò UTM nan, pral fè Pwojè Anviwònman Vòl Otonòm San Danje UAS la (UAS Safe Autonomous Flight Environment, U-SAFE) vanse epi pèmèt operasyon Depase Liy Vizyèl yo (Beyond Visual Line of Sight, BVLOS) nan koridò 80 kilomèt yo defini an.

Majò Jeneral Marke F. “Hoot” Gibson (ret), Direktè Egzekitif Jeneral, Alyans NUAIR la te deklare, “Nou idantifye òganizasyon ki pi kalifye yo pou reyalize Koridò UTM New York la epi laji kapasite nou pou fè tès UAS. Etap enpòtan sa a nan pwosesis reyalizasyon travay la ap fè pwojè a vanse pou vin pi bon sit tès nan nasyon an. Avèk tout ankadreman ekonomik ak teknik eta nou an ap ofri an, mwen panse nou nan bon pozisyon pou akselere endistri UAS la epi tabli rejyon sa a pi byen toujou kòm yon lidè nasyonal”.

Craig Marcinkowski, Direktè Sektè Biznis la nan Gryphon Sensors, SRC, te deklare, “SRC Gryphon Sensors fyè kontinye travay li sou Pwojè U-SAFE la, yon pwogram UTM k ap mennen entènasyonalman, k ap fèt nan Eta New York. Investisman vizyonè Gouvènè Cuomo fè yo, lidèchip NUAIR la, ak kolaborasyon yo avèk NASA, FAA, Mond Inivèsitè a ak Endistri an, pral ede akselere entegrasyon san danje UAS nan Sistèm Espas Ayeryen Nasyonal la”.

Matt Gilligan, Vis-Prezidan Sektè Navigasyon, Meteyo, ak Misyon Sèvis la nan Raytheon te deklare, “Dwòn yo ap jwe yon wòl deplizanpli enpòtan nan sosyete nou an, sa ki vle di nou dwe gen solisyon pou jesyon sikilasyon ayeryen nan altitud ba. Teknoloji rada pwisans ba san parèy Raytheon nan gen kapasite teste ni dwòn ni teknoloji pou jesyon sikilasyon ayeryen nan kad mond reyèl la epi nou fè elòj Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan fè aspè esansyèl sa a nan endistri an vanse”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Avèk soutyen li pou yon koridò dwòn nan New York Santral, Eta New Yorke pran angajman fè investisman estratejik ki pral garanti nou alavangad endistri UAS la k ap boujonnen epi kreye opòtinite ekonomik toupatou nan rejyon an”.

Chèf Egzekitif Konte Oneida, Anthony Picente, te deklare, “Anons jodi a se yon etap enpòtan nan pwosesis reyalize Koridò UTM New York la epi mennen nou pi pre etablisman rejyon nou an kòm episan rechèch ak devlopman UAS. Li solidifye plis toujou Sit Tès UAS Konte Oneida a nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss la kòm pi bon sit nan peyi a. Mwen bat bravo pou NUAIR poutèt li jwenn kolaboratè sa yo epi mwen pa ka tann wè efo yo pou reyalizasyon pwojè sa a”.

Egzekitif Konte Onondaga Joanie Mahoney te di, “Dènye etap enpòtan sa a pou koridò yo deziyen pou dwòn yo nan New York Santral se yon nouvell ekselan. Angajman Gouvènè Cuomo nan endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt k ap boujonnen nan rejyon nou an chanje bagay yo. Kòm yon pati kle nan plan devlopman ekonomik CNY Rising lan, rejyon nou an ap travay pou etabli tèt li toutbon kòm sant entènasyonal la pou endistri inovatè sa a epi devlope ekonomi rejyonal la”.

Majistra Syracuse Ben Walsh te deklare, “Syracuse ak New York Santral nan episant teknoloji dwòn nan. Gras a soutyen san fay Gouvènè Cuomo a, vil nou an ak rejyon nou an nan pi bon pozisyon pou pwofite opòtinite ki fèk ap parèt sa a. Kolaborasyon enpòtan sa yo pral gen yon efè pozitif epi mennen opòtinite devlopman ekonomik k ap ranfòse pozisyon Vil la ak rejyon an plis toujou kòm yon lidè mondyal nan sa ki gen pou wè avèk inovasyon ak teknoloji UAS”.

Koridò UTM nan pèmèt diferan itilizasyon tankou livrezon pa dwòn, kontwòl enfrastrikti, rechèch ak sovtaaj, ak agrikilti presizyon. Nan kòmansman, operasyon koridò a pral konsantre sou pèmèt operasyon ti UAS 55 liv ak anba BVLOS. Sepandan, koridò a pral soutni efò yo pou fasilite depasman lavil ak lòt devlopman tankou paregzanp sistèm ayeryen elektrik/ibrid ki dekole ak ateri vètikalman pou pote moun ak pwopriyete nan transpò ayeryen, sa gen ladan operasyon flòt komèsyal avèk UAS trè otomatize.

Enfòmasyon sou NUAIR

Alyans pou Rechèch sou Entegrasyon Espas Ayeryen UAS nan Nòdès la, ansanm avèk plis pase 200 kolaboratè, ap travay pou avansman rechèch sou sistèm ayeryen san pilòt yo epi pou akselere devlopman ekonomik endistri UAS la nan rejyon an. NUAIR ap jere operasyon yo nan youn nan sèt sit tès UAS gouvènman federal la deziyen nan Etazini, epi li alavangad devlopman politik piblik, komèsyalizasyon ak entegrasyon san danje UAS nan Sistèm Espas Ayeryen Nasyonal la (National Airspace System). Pou plis enfòmasyon, al sou www.nuairalliance.org.

Enfòmasyon sou Gryphon Sensors

Gryphon Sensors, yon konpayi SRC, Inc., devlope sistèm detektè ki detekte, suiv epi idantifye ti sistèm ayeryen san pilòt. Avèk sis dizèn lane ekspètiz pwouve nan rechèch ak devlopman rada ak detektè pou siveyans elektwonik li resevwa nan men konpayi manman li an SRC, Inc., Gryphon Sensors ofri solisyon inovatè multi-spektral nan mache sekirite dwòn ak entegrasyon UAS yo. Konpayi an ap patisipe nan pwogram Eklerè BNSF (BNSF Pathfinder) Administrasyon Avyasyon Federal la (Federal Aviation Administration, FAA), pwogram Eklerè pou Deteksyon Dwòn (Drone Detection Pathfinder) FAA a, Pwojè Anviwònman Vòl Otonòm Sekirize UAS la (UAS Secure Autonomous Flight Environment) ak pwogram Jesyon Sikilasyon UAS (UAS Traffic Management) NASA a. www.srcgryphonsensors.com

Enfòmasyon sou Raytheon

Raytheon Company, ki an 2016 te fè vant pou 24 milya dola epi gen 63,000 anplwaye, se yon lidè nan teknoloji ak inovasyon ki espesyalize nan solisyon pou defans, gouvènman sivil ak sekirite anliy. Avèk yon abitud fè inovasyon depi 95 lane, Raytheon ofri dènye teknoloji nan elektwonik, entegrasyon sistèm pou misyon, pwodui ak sèvis C5ITM, deteksyon, efè, ak soutyen nan misyon pou kliyan nan plis pase 80 peyi. Raytheon gen syèj sosyal li nan Waltham, Massachusetts. www.raytheon.com

Akselere CNY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi pase 4.7 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)